



Risk ki genyen nan komunikasyon elektwonik

Patenarya pou Timoun nan Essex ("PCE") ap fè tout sa ki posib pou pwoteje entimite enfòmasyon konsènan jèn ak fanmi n ap bay sèvis yo. Akòz bezwen ki genyen pou n pale souvan, anpil jèn ak fanmi yo mande pou n pale ak yo nan mesaj tèks ak/oswa imèl.

Mesaj tèks ak imèl se fason pratik pou n pale, men fason sa yo pa toujou pwoteje, epitou gen kèk risk nan sa. Pa egzanp, lòt moun kapab li mesaj tèks ak imèl kip a pwoteje lè w ap voye yo oswa yon lòt moun ou pa t prevwa ka resevwa yo.

Lè w ap panse itilize mesaj tèks oswa imèl, tanpri konprann sa ki vin apre yo:

1. Imèl ak mesaj tèks pa ranplase apèl telefòn nòmal antre sòti ak kontak fas a fas ant ou ou menm, pitit ou, ak Jesyonè Swen PCE a.
2. Si pitit ou oswa fanmi w bezwen èd prese prese, imèl ak mesaj tèks se **pa** bon fason pou w kontakte Jesyonè Swen PCE ou a. Si sa ta rive pitit ou oswa fanmi w bezwen èd prese prese, rele biwo PCE a oswa Sèvis apèl aprè orè travay la. Pou ijans sikyat oswa ijans medikal, rele 9-1-1 oswa ale nan sal ijans ki pi pre a.
3. PCE pa responsab entimite oswa sekirite laptòp, tablèt oswa telefòn manm Ekip pou Timoun ak Fanmi yo. Chak manm nan Ekip pou Timoun ak Fanmi an responsab pou kenbe entimite ak sekirite enfòmasyon konsènan pitit yo ak fanmi yo poukont yo.
4. Ou kapab chanje preferans ou konsènan mesaj tèks ak imèl nenpòt lè, pou nenpòt rezon an. Pou w fè sa, ranpli epi siyen fòmilè sou Chanjman nan fason w chwazi kominike. Chanjman yo ap valid nan dat PCE resevwa li a. Ou kapab jwenn yon fòmilè sou Chanjman nan fason w chwazi kominike nan men Jesyonè Swen PCE ou a.